



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AVANSE 5.8 MILYON DOLA ATRAVÈ PWOGRAM KILTIVE AK SÈTIFYE ETA NEW YORK LA POU SIPÒTE PWODIKTÈ AGRIKÒL NEW YORK YO

Yo nonmen New York Farm Viability Institute kòm administratè pwogram finansman rejyonal pou benefisye fèm ak transfòmasyon manje New York yo

Dezyèm faz pwogram G&C Eta New York ki finanse atravè Faz XIII Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la

Gouvènè Kathy Hochul te avanse jodi a 5.8 milyon dola atravè Pwogram Enfrastrikti, Teknoloji, Rechèch ak Devlopman (Infrastructure, Technology, Research and Development, ITRD) Kiltive ak Sètifye (Grown and Certified, G&C) Eta New York la pou sipòte pwodikyon agrikòl New York yo. Yo te nonmen New York Farm Viability Institute (NYFVI) kòm administratè pwogram finansman rejyonal nan kad Faz II nan pwogram G&C Eta New York la ki finanse atravè Faz XIII Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la. Pwogram nan pral sipòte fèm ak transfòmasyon manje New York yo nan finansman pwojè atravè eta a pou amelyore enfrastrikti ak kapasite teknolojik nan fèm yo, epi tou pou sipòte patisipan pwogram G&C Eta New York ki deja egziste ak nouvo yo.

"Kiltivatè New York yo se kolòn vètebral eta nou an, epi administrasyon mwen an pran angajman pou sipòte avni endistri agrikòl nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè pwogram sa a, n ap envesti nan pwodikyon agrikòl New York ak transfòmasyon manje isit la nan eta nou an pou asire endistri a kontinye pwospere pou jenerasyon k ap vini yo."

Antanke administratè pwogram, NYFVI pral elabore yon Demann Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou pwogram sibvansyon 5.8 milyon dola a. 5 milyon dola pral rezève pou pwojè kapital ki fèt pou amelyore enfrastrikti agrikòl enpòtan yo oswa ede fèm yo aplike teknoloji inovatè ak ekipman dènnye kri, epi 800,000 dola ki rete yo pou sipòte pwojè rechèch ak devlopman pou devlopman nouvo pwodwi yo ki pral komèsyalize nan kad pwogram G&C Eta New York la.

Y ap akòde finansman yo bay rejyon REDC sa yo:

- Finger Lakes ak Sant New York – 1 milyon dola pou pwojè kapital; \$200,000 pou pwojè rechèch ak devlopman
- Long Island, Vil New York ak Mid-Hudson – 1.5 milyon dola pou pwojè kapital; 200,000 dola pou pwojè rechèch ak devlopman
- Mohawk Valley, Rejyon Kapital ak North Country – 1.5 milyon dola pou pwojè kapital; 200,000 dola pou pwojè rechèch ak devlopman
- Southern Tier ak Lwès New York – 1 milyon dola pou pwojè kapital; 200,000 dola pou pwojè rechèch ak devlopman

Anplwaye NYFVI yo travay ak Depatman Agrikilti ak Mache yo pou elabore yon pwosesis aplikasyon pou fèm ak biznis manje yo.

Pou yo ka elijib pou finansman, tout pwojè yo dwe aplike nouvo pratik oswa apwòch inovatè ki fèt pou satisfè bezwen endistri yo ak demann konsomatè yo. Yo dwe genyen tou yon benefis dirèk, alè pou sipòte endistri agrikòl New York la epi pou yo kenbe enpòtans nan rejyon ki sèvi a lè yo konsantre sou youn oswa plizyè nan domèn priorite sa yo:

- Otomatizasyon pwodiksyon ak efikasite travay
- Amelyorasyon kapasite distribisyon
- Transfòmasyon ak anbalaj
- Sekirite Manje
- Dirabilite anviwònman an dirèkteman gen rapò ak patisipasyon G&C Eta New York
- Devlopman nouvo pwodwi ki vize demann konsomatè yo

Lòt enfòmasyon sou pwogram nan – ki gen ladan fason pou aplike pou finansman – ap disponib nan mwa k ap vini yo.

NYFVI pral responsab administrasyon pwogram nan chak jou, ki gen ladan l fè aktivite edikatif ak pwomosyonèl pou asire patisipasyon endistri a; aksepte ak evalye pwopozisyon; akòde sibvansyon; egzekite ak administre kontra yo, ki gen ladan sipèvizyon kontra ak rapò bay Depatman an; epi asire antite ki resevwa prim yo enskri nan G&C Eta New York.

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache yo, Richard A. Ball, te deklare, "Nou trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo paske yo rekonèt enpòtans endistri agrikilti a epi paske y ap fè patenarya nan kad Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti, Teknoloji, Rechèch ak Devlopman. Sa pral ede kiltivatè yo ak pwodikte yo fè amelyorasyon enpòtan nan nivo teknoloji ak enfrastrikti nan enstalasyon yo pou devlope plis biznis yo, pou sèvi konsomatè yo, epi bay fanmi New York yo manje."

David Grusenmeyer, Direktè Egzekitif New York Farm Viability Institute, te deklare, "NYFVI apresye konfyans yo mete nan òganizasyon nou an pou jere pwogram

sibvansyon sa a avèk efikasite. Li enteresan pou nou wè enterè estratejik Eta a ak sipò pou adopsyon teknoloji ak pratik inovatè nan fèm lan ak atravè sistèm alimantè a. Envestisman sa yo pral ede satisfè demann konsomatè yo pou pwodwi lokal ak pratik dirab yo, epi ranfòse fèm New York yo ak antrepriz sistèm alimantè yo pandan y ap devlope biznis yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Agrikilti ak Mache pou opòtinite sa a."

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Amelyorasyon enfrastrikti, nouvo teknoloji ak amelyorasyon kapital yo se gwo, souvan difisil, envestisman ki pa rive jwenn, pou anpil ti agrikiltè New York, men yo esansyèl pou ede agrikiltè yo elaji biznis yo, amelyore aksè ak manje rejyonal yo epi aplike sistèm ki favorab pou klima. Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti, Teknoloji, Rechèch ak Devlopman se youn nan fason n ap ede kiltivatè yo finanse bezwen kapital yo ak rechèch pou lavni. Mwen felisite New York Farm Viability Institute pou seleksyon yo kòm administratè pwogram nan epi ankouraje fèm ki elijib yo pou yo aplike yon fwa aplikasyon yo vin disponib."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Pwogram New York Kiltive ak Sètifye a montre plis pase 3,000 pwodikè New York k ap satisfè demann pou manje ki an sante ak kiltive lokalman. Avèk eksperyans pwouve yo, NY Farm Viability Institute, pral kounye a administre yon fon devlopman ki enpòtan anpil, k ap pote resous nan biznis Kiltive ak Sètifye yo atravè 4 rejyon. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Ag & Markets, Konsèy Rejyonal yo, ak tout patnè nou yo ki kwè nan sipòte ak devlope agrikilti New York la. Mwen konnen avèk èd NYFVI nou ka fè avanse pwogram siksè sa a pi lwen toujou."

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Konsèy Rejyonal yo te revize pwopozisyon pou administrasyon pwogram sa a epi yo bay nòt ki reflekte ki jan yon pwojè an akò ak objektif ak estrateji yon rejyon. Aplikan yo te itilize Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) New York la, ki se sèl aplikasyon eta a pou resous eta a yo, ki gen ladan pwogram pou plizyè ajans. Li fèt pou bay aksè akselere ak senplifye ak yon seri fon sibvansyon ak kredi enpo konbine ki soti nan plizyè douzèn pwogram ki egziste deja. Ou ka jwenn yon lis konplè prim Faz XIII yo ki te fèt [isit la](#).

Finansman pou Pwogram ITRD G&C Eta New York la te enkli pou premye fwa an 2022 jiska Faz 12 inisyativ REDC a epi yo te ofri l kòm yon dezyèm vèsyon nan Faz 13. Kandida sibvansyon potansyèl yo ka revize detay pwogram nan epi enskri pou yon alèt pou New York Farm Viability Institute (NYFVI) resevwa yon notifikasyon lè yo aksepte aplikasyon yo nan [enskri nan lyen sa a sou sitwèb NYFVI a](#).

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Konsèy Rejyonal yo te revize pwojè yo nan pwogram sa yo epi yo bay te nòt ki reflekte ki jan yon pwojè an akò ak objektif ak estrateji yon rejyon. Depi Konsèy Rejyonal yo te etabli an 2011, yo te bay plis pase 420 milyon dola pou 602 pwojè agrikòl.

Enfòmasyon sou pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta NY la

Pwogram Kiltive epi Sètifye Eta New York la te lanse pou ede satisfè demann konsomatè yo k ap ogmante pou pwodwi alimantè ki kiltive oswa pwodwi dapre règ ki pi elve. Pwogram lan sètifye pwodiktè Eta New York ki respekte estanda elve pou sekirite alimantè ak jesyon anviwònmanal yo. Li jwenn sipò yon kanpay komèsyalizasyon ki genyen ladan etikèt ki sou pwodwi yo, materyèl pwomosyonèl yo, ak materyèl pou vant yo. Aktyèlman, plis pase 3,000 pwodiktè ap patisipe nan pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta New York la, ki reprezante plis pase 303,514 ekta teren agrikòl. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Kiltive ak Sètifye Eta New York la, [vizite sitwèb li a](#), ak/oswa swiv pwogram nan sou [Facebook](#), [Twitter](#) ak [Instagram](#).

Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA (Consolidated Funding Application, CFA) a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Aprann plis sou CFA [isit la](#).

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati konsène nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa gouvènmanal yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York investi nan travay ak kwasans ekonomik lè yo mete an plas yon apwòch kominotè, asandant epi etabli yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. W ap jwenn plis enfòmasyon nan regionalcouncils.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)